

AN NOU FON TI PALE DE HANSENIAS(LÈP)

Hansenias(Lèp) se yon maladi kronik e attrapan. Si yo wè(dekouvri) maladi a tan moun nan gen plus chans poul Jwenn tretman pi bonè, San li pa gen defomasyon(andikap) nan kó li. Gen kèk kote nan mond lan, hansenias se yo konsiderel tankou yon bagay mal, nou kapab di tankou yon malediksyon. Isit Brezil nou panse(wèl) diferan. Pou nou menm hansenias(lèp) se yon bateri(mikwob) ki Bay maladi e ki bezwen tretman.



Figura 1: https://www.shf.or.jp/wsmhfp/wp-content/uploads/2019/04/NewAtlas_English_2019_revised.pdf (p.12)

Moun ki malad la se leta ki responsab pou bali swen(SUS) kise sistèm unik sante. .Ni moun ni fanmi moun ki malad la dwe pran yon vaksen ki relé BCG se li kap pwotejew. Tretman se pou moun ki fèt nan peyi a ak moun ki soti loto peyi vinn rete Brezil.

Ou ka poze tèt ou kesyon: poukisa mwen dwe identifye maladi a e tretel bonè?

Imajinew ou abite avèk anpil moun kise fanmiw nan yon Kay. Siw tonbe malad, lot moun nan fanmi an ap pran(enfekte) maladi a, tout res moun yo ap pran maladi a.sa rive paske moun yo ki pa malad enfekte avèk saliv oubien krache ki soti nan bouch moun ki malad la.



Figura 2: Acervo PMPA

Siw dekouvri maladi bonè, wap tretel (geri).pwofesyonel kap travay nan sante pral avalye(examine) po ak tout sistèm nève moun ak tout fanmi e moun ki pwoch ak moun ki malad la. Objektif lan se avalye fos epi wè si moun sa yo pa gen Mak (bouton) sou po yo. Si yo gen mak (bouton) sou po yo yo dwe pran vaksen (BCG).



Tretman fèt avèk antibiotik wap Jwenn li gratis nan peyi a atravè(SUS) kise sistèm unik sante.Antouka siw vle pwoteje fanmiw ak moun ki enpotan pou ou, ou dwe fè tretman epi pran vaksen BCG a

Siw son fi ki gen ti bebe lap pran vaksen BCG depi lopital.epi ti bebe sa a p pwoteje de maladi hansenias(lèp).Toujou gade sou kow

ak sou kó moun ki nan fanmi an, paske nenpot ti bouton lika yon sentom enfeksyon mikwob ki bay hansenias (lèp)

- Mak(blan,jón, mawon)sou pow,sansiblite nan kèk pati nan kow, siw boule oubien ou blese ou pa Santil
- si wap pèdi fós(nan men oubien nan kèk pati nan ków)
- boul sou pow, epi pafwa yap boulew.

Siw sispek (idantifye) youn nan sentom sa yo?

Rele mediatè entèkiltirèl yo nan nimewo 51989027789 oubien Ale nan sant sante ki pi prèw lakay ou.

Nou respekte kwayans ou avèk kiltiw.men objektif pa nou se pwotejew epi baw enfòmasyon de bon kalite.



Figura 4 : Fonte IA
https://chatgpt.com/s/m_6964f3d3e0a481919f898918f191fa1e

N.B:Pa janm bliye se chaw kap pwote. Pwoteje fanmiw ak santew.

Elaborasyon: Fabiane Soares de Souza Enfimyè(mis) EVDT/DVS/SMS
 Revize: Patricia Costa Coelho de Souza Jounalis EVDT/DVS/SMS
 Tradiktè: Jean Junior Thevenin Mediatè entèkiltirèl NEQ/CPPS/DAPS/SMS



Prefeitura de Porto Alegre
 SECRETARIA DE SAÚDE